

INSERT SCHOOL LETTERHEAD

**LÈT AVI POU PARAN/RESPONSAB**

Chè paran oswa responsab:

VIH (HIV) ak SIDA (AIDS) fè pati pwoblèm sante ki pi grav Ameriken ap andire. Kounye a pwogrè lamedsin pèmèt moun ki gen HIV viv lontan, men poko gen tretman pou li toujou. Edikasyon sante jwe yon wòl enpòtan nan ede elèv aprann fè bon chwa epi pwoteje tèt yo ak lòt moun.

Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (NYSED) ak Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (NYCDOE) mande pou anseye tout elèv ki nan klas Kindergarten rive 12yèm ane kou edikasyon sou HIV chak ane, kòm yon pati nan edikasyon sante global. Ane sa a, pitit ou a ap gen chans pou aprann nan yon nouvo kourikoulòm, ki rele Grandi epi rete ansante (*Growing Up and Staying Safe*), ki presi onivo medikal, enklizif, apwopriye pou laj, epi yo devlope l an patenarya avèk ekspè nasyonal, lidè kominate lokal, paran/moun k ap bay swen ak edikatè. Pami sijè yo gen pou kouvri nan chak nivo klas genyen:

- Elèv klas lekòl presegondè ap aprann kòman HIV afekte sistèm imen, karakteristik relasyon ki ansante, ak enpòtans komunikasyon avèk paran/responsab oswa moun k ap bay swen.
- Elèv lekòl segondè ap aprann kòman pou yo evite konpòtman ki ka gen risk pou atrape HIV, maladi moun pran nan fè sèks (sexually transmitted infections, STI), ak gwo sès ki pa planifye.

Nou respekte wòl ou kòm paran/responsab pou anseye pitit ou konpòtman ki ansante ki sipòte kwayans ak valè fanmi w. N ap ankoraje w pou chita pale avèk pitit ou a sou sa y ap aprann nan lekòl la epi pataje kwayans ou ak valè w avèk li.

Ou gen dwa pou pa kite pitit ou asiste sèten lesyon y ap anseye sou metòd prevansyon pou anpeche moun pran HIV. Si w pa vle pitit ou asiste yon lesyon, ou dwe ekri mwen yon lèt pou di:

- Pitit ou a pa ta dwe nan salklas la pandan kou sou metòd prevansyon HIV; epi
- W ap anseye pitit ou a prevansyon HIV lakay ou.

Paran, responsab ak lekòl pataje menm objektif la: nou vle pou elèv tout laj ansante nan tout aspè lavi yo. Nou ankoraje w pou pale avèk pwofesè pitit ou a, kowòdonatè paran an oswa mwenmenm si w ta renmen gen plis enfòmasyon sou kourikoulòm lan. Tanpri byen gade apèsi pou nivo klas yo tou pou aprann plis sou lesyon yo. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri rele m nan **INSERT PHONE NUMBER**.

Avèk senserite,

**INSERT PRINCIPAL NAME**

Direktris/Direktè